


Mwen konprann ke si mwen pa anile otorizasyon sa a, otorizasyon an pral ekspire yon (1) lane apati dat siyati mwen an anba a. Mwen konprann ke mwen gen dwa resevwa yon kopi otorizasyon sa a yon fwa li siyen. Epiou mwen konprann ke sizoka mwen kalifye pou yon Pwogram(yo), mwen kapab bezwen re-aplike pandan chal peryòd epi siyen yon otorizasyon similè nan kad re-aplikasyon sa a.

Mwen sètifye ke enfòmasyon pèsònèl mwen te bay Moffitt yo se laverite epi yo konplè, epi mwen konprann ke Moffitt pral bay Program yo enfòmasyon pèsònèl sa yo. Mwen dakò ke, nenpòt lè pandan patisipasyon mwen nan nenpòt Pwogram, Moffitt kapab mande lòt dokiman pou verifye enfòmasyon pèsònèl mwen yo. Si genyen enfòmasyon ki manke oswa mwen pa reponn ak demann pou lòt dokiman anplis, patisipasyon mwen nan Pwogram nan (yo) ka retade oswa mwen kapab pa ka patisipe ankò. Si mwen kalifye pou epi mwen resevwa asistans kopeman, asistans medikaman gratis, oswa nenpòt lòt asistans nan Pwogram yo, mwen dakò pou m respekte tout règleman Pwogram kote mwen resevwa asistans lan. Epiou mwen dakò ke mwen p ap resevwa ranbousman pou asistans Pwogram mwen resevwa nan men nenpòt lòt moun, ki gen ladan nan yon pwogram asirans, yon lòt òganizasyon charite, oswa nan yon ekonomi sante, depans fleksib, oswa lòt kont ranbousman sante. Mwen konprann ke asistans sa kapab tanporè. Mwen pral kontakte Moffitt si asirans oswa tretman mwen an chanje nan nenpòt fason. Epiou mwen konprann ke mwen kapab refize siyen otorizasyon sa a epi si mwen refize, elijiblite mwen pou avantaj plan sante ak tretman pa founisè swen sante mwen yo ap chanje, men mwen pa pral genyen aksè nan Pwogram yo.

Lè mwen tcheke bwat "Konsantman & Otorizasyon" ki anba a, mwen dakò epi mwen rekonèt ke mwen te li epi mwen konprann otorizasyon ak konsantman volontè sa a, epi mwen otorize Moffitt atravè ajan otorize li yo pou konplete epi soumèt aplikasyon pou Pwogram nan sou demann mwen pandan y ap itilize enfòmasyon pèsònèl mwen yo. Mwen konprann ke yo ka jwenn enfòmasyon pèsònèl sa yo nan men mwen, doktè Moffitt mwen an ak lòt founisè swen yo, dosye medikal Moffitt mwen, plan sante mwen yo, ak nan lòt sous. Mwen konprann ke aplikasyon nan Pwogram yo volontè epi si mwen refize aplike, elijiblite mwen pou avantaj plan sante ak tretman pa founisè swen sante mwen ap chanje, men mwen p ap genyen aksè nan Pwogram yo.



Konsantman & Otorizasyon

Siyati Pasyan an